



Pou Piblikasyon Imedya: 08/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AKÒ TRAVAY AVÈK PEF AK UUP KI REPREZANTE
PLIS PASE 88,000 ANPLWAYE**

***Akò avèk PEF la kouvri plis pase 51,000 anplwaye Eta New York, dezyèm pi gwo
sendika anplwaye nan eta a***

***Akò avèk UUP a kouvri plis pase 37,000 pwofesè ak pwofesyonèl nan sistèm
SUNY an, pi gwo sendika edikasyon siperyè nan nasyon an***

***Akò yo gen ladan ogmantasyon salè anyèl, ogmantasyon nan peman lokal ak
chanjman nan benefis sante***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke administrasyon li a te rive jwenn akò kontra avèk Federasyon Anplwaye Piblik (Public Employees Federation, PEF) Eta New York epi avèk Pwofesyon Inivèsitè Ini (United University Professions, UUP). Akò avèk PEF la se pou yon manda twa ane k ap dire jiska 1 avril 2026 pou plis pase 51,000 anplwaye Eta New York nan yon pakèt tit pwofesyonèl, syantifik ak teknik. Akò avèk UUP a se pou yon manda kat ane k ap dire jiska 1 jiyè 2026 pou plis pase 37,000 pwofesè ak anplwaye pwofesyonèl sistèm SUNY. Tou de akò yo sijè a ratifikasyon manm sendika yo.

"Akò sa yo avèk PEF ak UUP reprezante gwo viktwa pou anplwaye k ap travay di nan Eta New York", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Atravè akò sa yo, administrasyon mwen an kenbe angajman li genyen pou l investi nan mendèv piblik New York la epi kontinye travay men nan men avèk frè ak sè nou yo k ap travay. Mwen bat bravo pou lidèchip sendika yo paske yo te ede reyalize akò sa yo ak patenarya yo pou asire salè ak benefis travayè New York yo reflekte kontribisyon enpòtan yo nan eta nou an".

Prezidan Federasyon Anplwaye Piblik la, Wayne Spence, te deklare, "Gouvènè Hochul te pwomèt pou l investi nan mendèv piblik la, epi nou kwè kontra sa a reflekte pwomès sa a. Depi lontan li te apresye sèvis manm PEF yo bay Nouyòkè yo nan bon ak move tan. Avèk kontra sa a, li rekonèt bezwen ijan pou atire anplwaye eta yo nan chak tit travay avèk salè konpetitif ak avantaj solid. Ansanm ak inisyativ ki etabli nan bidjè ane sa a, kontra sa a pral kontribiye anpil pou rekrite ak kenbe pwofesyonèl konpetan New York bezwen yo".

Prezidan Pwofesyon Inivèsitè Ini, Doktè Frederick E. Kowal, Ph.D., te deklare, "Sa a se yon akò istorik ki bati sou pwogrè nou te atenn nan dènye kontra nou an, tout sa pandan l ap adrese anpil nan enkyetid aktyèl manm nou yo. Se yon akò ki jis ak ekitab ki gen ogmantasyon salè rezonab, genyen salè minimòm pou pwofesè okazyonèl a tan pasyèl ak lòt amelyorasyon ki enpòtan pou manm nou yo. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Kathy Hochul paske l te travay ak UUP pou jwenn yon baz an komen sou akò pwovizwa sa a, epi mwen pa ka tann pou m rejwenn li nan travay pou konstwi SUNY apre twòp ane neglijan. Akò pwovizwa sa a amelyore lavi pwofesyonèl manm UUP yo, epi se yon bon nouvèl pou etidyan nou yo, pasyan yo ak kominote sou kanpis nou yo".

Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare, "Edikasyon klas mondyal SUNY posib sèlman grasa pwofesè ki gen talan ak konesans ak anplwaye devwe ak pwofesyonèl ki fè kanpis nou yo avanse. Pandan vizit mwen yo nan semès sa a nan tout kanpis nou yo, etidyan yo te fè lwanj pou pwofesè ak anplwaye yo anpil fwa pou sajès yo nan ansèyman, konpetans yo ak konsèy yo nan ede yo atravè yon klas difisil oswa yon evènman lavi yo, epi paske yo tcheke regilyèman pou asire yo te byen. Menm jan an tou, pwofesè, enfimyè, ak anplwaye nan sant medikal SUNY nou yo bay pasyan yo swen esansyèl. Mwen kontan manm UUP ak PEF nou yo genyen yon akò ki jis ak ekitab".

Tou de akò kontra yo gen ladan ogmantasyon nan salè pou anplwaye yo nan chak ane akò a, ki konfòm avèk lòt akò negosye yo. Akò yo gen ladan tou ogmantasyon nan peman lokal yo ak chanjman nan benefis sante ki konfòm avèk lòt akò kontra ki fèk etabli.

Kounye a, Konsèy Egzekitif sendika a dwe apwouve kontra a epi manm yo nan sendika a dwe ratifye l.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)